



Vil CHELSEA
DEPATMAN LOJMAN AK DEVLOPMAN KOMINOTÈ
(DEPARTMENT OF HOUSING & COMMUNITY DEVELOPMENT)

APLIKASYON FON REZILYANS CHELSEA
(CHELSEA RESILIENCE FUND APPLICATION)

Enstriksyon: Tanpri konplete fòm sa a.

Si w bezwen asistans pou ranpli aplikasyon an, anplwaye Depatman Lojman ak Developman Kominotè yo ka ede w ranpli fòm aplikasyon an oswa jwenn dokiman ki nesesè yo. Aplikan ki ta renmen asistans ak pwosesis aplikasyon an ta dwe kontakte depatman an nan (617-466-4187).

Yo dwe soumèt fòm aplikasyon yo byen ranpli nan adrès sa a
City Hall, 500 Broadway, Sal #101, Chelsea, MA 02150

Demann yo aksepte sou yon baz woulman. Elijbilité a limite a rezidan Chelsea ki gen revni ki mwens pase 80% revni mwayen nan zòn nan epi ki te gen yon ijans enprevi. Tanpri gade direktiv pwogram yo pou definisyon ofisyèl yon ijans enprevi. Anplis de sa, rezidan yo ka resevwa èd nan Fon Rezilyans sèlman yon fwa chak dezan.

Pou plis enfòmasyon sou pwogram nan, tanpri kontakte Ana Sofia Amieva-Wang, Sr. Manadjè Pwojè pou Lojman ak Estabilite Ekonomik, nan telefòn (617-466-4187) oswa nan imèl (awang@chelseama.gov).

Enfòmasyon Aplikasyon an

Non			
Adrès			
Èske w resevwa lèt lapòs nan adrès sa a (W/N)?		Si w reponn non, tapri mete adrès postal ou	
Nimewo Telefon			

Adrès Imèl	
------------	--

Ki lang ou pito pou yo kontakte w:

- Anglè Espanyòl Arab Vietnamyen Kreyòl Ayisyen
Somalyen Pòtigè Lòt: _____

Enfòmasyon sou Konpozisyon Fanmi

Tanpri konplete enfòmasyon piba a pou chak manm fanmi w, kòmanse ak non aplikan prensipal la:

Eske oumenm oswa okenn manm fami w se yon veteran?

□W □N

Enfòmasyon sou Revni Total Nan Kay La

Tanpri endike tout sous revni pou manm kay la ki gen plis pase 18 an. Si fanmi w gen plizyè sous revni, tanpri endike chak sous separeman. Tanpri gade nan “Anèks B” pou pwosedi konplè verifikasyon revni.

Non Manm Kay la	Sous Revni (Pa egzanm: salè/djòb, TAFDC/benefis cach, Sekirite Sosyal, Alokasyon Timoun, Asirans, etc.)	Valè Lajan Ki Resevwa Chak Mwa
		\$
		\$
		\$
		\$
		\$
		\$
		\$
		\$
		\$

Èske kay la resevwa okenn nan benefis sila yo? Tanpri chwazi chak sa ki aplikab.

SNAP WIC TAFDC/EAEDC MassHealth

Sekirite Sosyal Sekirite Sosyal Andikape LIHEAP/Asistans Gazolin

Enfòmasyon Sou Revni Kay La

Èske w achte kay ou? Lwe Achte

Si w se yon lokatè, konbyen peye chak mwa? \$ _____

Si w se yon lokatè, èske w gen okenn nan asistans revni ki modifeye kou lokasyon an baze sou revni w?

Seksyon 8 MRPV Lojman Leta Sibvansyone (Public Housing)

Mwen gen yon asistans revni pou lojman diferan ki pa make la a.

Mwen pa gen koupon asistans revni pou lojman baze sou revni oswa viv nan lojman piblik.

Ijans Enprevi

Kay ki elijib yo dwe te fè eksperyans yon ijans enprevi nan 90 jou anvan yo te aplike pou finansman Fon Rezilyans la. Dapre pwogram sa a, yon ijans enprevi defini kòm yon dife, inondasyon, ijans metewolojik, ijans medikal, vyolans oswa pèt sipò ekonomik, ki mete an danje lojman ak estabilite ekonomik yon moun.

Tanpri endike kilès nan ijans sila yo ou viv:

Dife Inondasyon Ijans Klima Ijans Sante oswa Dantè

Yon Manm Kay la Mouri Ensidan Vyolans

Nan ki dat ijans lan rive? _____

Èske manm kay la te blije deplase pandan ijans la? W N

Èske manm kay la te blije kite kay la nèt poutèt ijans la?

W N

Tanpri bay yon deskripsyon naratif ijans la: _____

Kilès nan konsekans ekonomik negatif sa yo manm kay la te sibi?

Pèt lojman Pèt salè/revni Pèt swen timoun

Pèt materyèl Pwopriyete andomaje

Depans medikal wo Depans fineray

Lòt, tanpri dekri: _____

Dokiman Obligatwa

Tanpri gade nan “Anèks A” pou yon lis konplè sou dokiman obligatwea ak dokiman ki akseptab. Aplikan yo dwe soumèt:

1. **Yon pyès idantifikasyon** ki gen non ak dat nesans chèf kay la.
2. **Verifikasiyon rezidans nan vil Chelsea.**
3. **Verifikasiyon ijans enprevi** ke manm kay la sibi.

Tout dokiman yo ta dwe enkli ak aplikasyon an. Depatman an disponib pou ede rezidan yo jwenn dokiman ki nesesè yo.

Konfli Enterè

	Wi	Non
Èske w (oswa nenpòt moun lakay ou) se yon anplwaye minisipal oswa yon ofisyèl nonmen lokal?	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
Èske w (oswa nenpòt moun nan kay ou) travay kounye a kòm yon konsiltan oswa ajan nan kominate a?	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
Èske w (oswa nenpòt moun nan kay ou) ap travay kounye a pou yon lòt ajans ki administre pwogram vil la finanse pou kominate a?	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
Si wi, ki pozisyon tit ou ye kounye a?		
Nan ki ajans oswa depatman?		

Èske w otorize Vil Chelsea pou l voye w enfòmasyon sou pwogram sa a oswa lòt pwogram ki gen rapò ak program sa a alavni? Wi Non

Si w te resevwa èd pou prepare aplikasyon sa a, tanpri bay lis non ak enfòmasyon kontak moun ki te ba w asistans la.

Non asistan ki ede w la: _____

Organizasyon / Afilyasyon: _____

Nimewo Telefòn: _____

Adrès Imèl: _____

Èske w otorize Vil Chelsea pou l kominke ak asistan ki nonmen piwo a ak/oswa òganizasyon li a, osijè aplikasyon sa a? Wi No

Siyati _____ **Dat** _____

DONE ETNISITE/RAS. Tanpri sonje ke reponn a seksyon sa a se opsyonèl

Si w vle, ou ka itilize opsyon sa yo pou idantifye tèt ou ak manm fanmi w selon etnisite yo oswa ras yo. Ou ka chwazi plizyè opsyon jan sa nesesè. Ou pa oblige bay enfòmasyon sa yo epi li pap gen okenn enpak sou evalyasyon aplikasyon w lan.

Ras:	<input type="checkbox"/> Nwa/Afriken Ameriken	<input type="checkbox"/> Blan	<input type="checkbox"/> Azyatik
	<input type="checkbox"/> Ameriken Endyen /Natif Natal Alaska	<input type="checkbox"/> Awaven Natif Natal /Zile Pasifik yo	
	<input type="checkbox"/> Lòt		

Ispanik: Wi Non

Dokiman Obligatwa

1. **Yon pyès idantite ki endike klèman non ak dat nesans prensipal aplikan an.** Dokiman idantifikasyon akseptab yo enkli, pa egzanp, yon lisans chofè leta oswa yon kat idantifikasyon, paspò nenpòt peyi, batistè, elatriye.
2. **Verifikasiyon rezidans Chelsea:** Aplikan Chelsea Resilience Fund dwe bay ministè a verifikasiyon ajou rezidans prensipal yo nan vil Chelsea. Ou ka verifye rezidans avèk dokiman sa yo gen.
 - a. Yon bòdwo sèvis publik, ki gen dat nan 90 jou apre soumèt aplikasyon an, ki montre non ak adrès Chelsea aktyèl chèf fanmi an.
 - b. Pou lokatè yo: Yon kontra lwave aktyèl, yon kontra lokasyon a volonte, yon akò pataje lwave oswa yon lèt pwopriyetè yon pwopriyete, ki endike non chèf fanmi an.
 - c. Pou pwopriyetè yo: Vil la pral verifye pwopriyetè a lè li mande dosye pwopriyete a pou asire pwopriyetè a parèt sou papye kay la.
 - d. Selon pouvwa diskresyonè Depatman an epi kòm dènye rekou, yon lèt yon doktè, yon travayè sosyal oswa yon defansè lojman ki bay verifikasiyon adrès chèf fanmi an nan Chelsea.

1. Verifikasiyon sitiyasyon ijans enprevi moun nan kay la

Ijans	Dokiman Akseptab
Dife, Inondasyon, Ijans Klima	Rapò dife, rapò sèvis enspeksyon, oswa lòt dokiman publik sou ijans lan
Ijans Medikal oswa Dantè	Lèt yon founisè swen sante
Pèt revni Manm Kay La	Sètifikasi lanmò, nekroloji, dosye depòtasyon
Ensidan Vyolans	Rapò lapolis oswa yon lèt ki soti nan yon lòt òganizasyon defans, travayè sosyal, oswa founisè swen sante

Dapre diskresyon depatman an, lèt yon travayè sosyal, founisè swen sante, oswa yon lòt òganizasyon defans ka itilize pou verifye yon sitiyasyon ijans. Nan kèk ka, depatman an ka mande lòt dokiman pou verifye si ijans enprevi a gen yon enpak negatif sou lojman ak estabilite ekonomik kay la.

Apendis B Dokiman Verifikasiyon Revni

Veifikasiyon Revni

Piba a se limit revni pwogram aktyèl yo, ki gen ladan limit revni AF2023 pou Boston, Cambridge, Quincy, MA-NH MSA

HUD FY23 Limit Revni – 80% AMI	
Kantite Manm Kay	Limit Revni
1	\$82,950
2	\$94,800
3	\$106,650
4	\$118,450
5	\$127,950
6	\$137,450
7	\$146,900

- Anplwaye pwogram yo pral verifye revni kay la lè yo revize tout sous revni nan kay la ki aplikan yo dwe deklare epi sètifye yomenm, ak menas penalite pou fo temwayaj.
- Aplikan yo dwe deklare revni brit tout moun nan kay la ki gen plis pase 18 an, enkli tout revni ki soti nan sous sa yo.
 - Salè ki sòti nan travay, tankou salè regilye, salè siplemantè ak lajan tips;
 - Travay endependan (ti konpay yonsèl pwopriyetè, patenarya, kòporasyon ak revni djobè);
 - Benefis asirans chomaj
 - Benefis sekirite sosyal
 - Asistans pou fanmi ki gen timoun depandan (TAFDC);
 - Asistans ijans pou granmoun aje, andikape ak timoun (EAEDC);
 - Benefis Administrasyon Veteran yo
 - Retrèt, panson, elatriye;
 - Konpansasyon Travayè yo;
 - Alimoni, alokasyon pou fanmi;
 - Enterè sou Revni;
 - Revni pwopriyete ki lwe;
 - Lajan Kado oswa kontribisyon regilye nan men moun ki pa abite nan kay la;
 - Lòt revni, si sa aplikab.

Vil la rezève dwa pou revize tout sous revni.

- Yo defini revni kay la jan sa a.

Revni nan kay la defini kòm revni total espere soti nan tout sous ke chèf fanmi an ak mari oswa madanm lan resevwa (menm nan ka ta gen absans tanporè) ak pa chak manm fanmi anplis, ki gen ladan tout revni nèt ki sòti nan byen, pou peryòd 12 mwa apre dat efektif sètifikasyon revni a.

Dapre dokiman sa yo, yo detèmine revni kay ki prevwa a epi yo konpare ak limit revni HUD bibliye pou idantifye moun ki gen revni ba. Yo pral itilize aplikasyon an pou kolekte done sou konpozisyon manm kay la, revni ak sous byen yo.

- Yo defini revni nan kay la kòm revni tout manm nan kay la, ki gen laj 18 an oswa plis, ki pa etidyan aplentan.
- Pou yo ka "revni elijib", kay aplikan an (yo) dwe gen yon revni total ki pa depase limit HUD etabli, jan lis pi wo a montre.